**Mutumwa anozviratidza kuna Maria na Josefa.**

### Josefa

1. Maria wakanga watsidzira kuwanikwa naJosefa somukadzi wake. Akatambudzika kwazvo kunzwa kuti Maria aizova nomwana. Wakafunga kuiteiko? *( Kumuramba chinyararire.)*
2. Ko chii chakashandura pfungwa dzake? *( Mutumwa akazviratidza kwari pakurota.)*
3. Ko chii chakatanga kuudzwa Josefa nomutumwa? *(Usatya!)*
4. Ko mutumwa akamuudza kuti aitei? *(Kuti atore Maria somukadzi wake)*
5. Ko Maria akava nemimba sei? *( Nokuda kwesimba raMweya Mutsvene.)*
6. Mutumwa akati Jesu aizozvarirwei? *(Kuti aponese vanhu kubva muzvivi zvavo.)*
7. Ko Josefa akaitei paakamuka kubva muhope? *(Akaita sezvaakanga arairwa nomutumwa.)*

### Maria

8. Ko mutumwa akakwazisa sei Maria? *(Akati akanga akaropafadzwa- Ishe aiva naye.)*
9. Ko Maria akzvitora sei? *( Akatambudzika)*
10. Ko mutumwa akatii mukuedza kumunyaradza? *( Akati usatya!)*
11. Mashoko akanga auya nomutumwa ndeapi? *(Maria aizova nomwanakomana. Zita rake rainzi Jesu)*
12. Maria aiva mhandara asina kumboziva murume. Ko akazova nepamuviri sei? *(Nesimba raMweya Mutsvene.)*
13. Ko Jesu azodaidzwa kuti ani? *( Mutsvene, Mwanakomana waMwari.)*
14. Ko ndeapi mamwe mashoko akataurwa nomutumwa kuna Maria? *( Kuti Erizabete hama yake yakange yava nemimbawo.)*
15. Mhinduro yaMaria yaiti kudiniko? *(Ndiri muranda waJehova)*



*www.GodsPeopleStudy.org*
*Bible Verses are Shona:*
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*

# Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa



**Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana. Muprofita Isaya 9:6**

**Ruka 1:26-38** - *Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri
kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzira
kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita
remhandara iyi rainzi Maria.

28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa
nyasha zvikuru! Ishe anewe.”

29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa
kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii.

30 Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha
naMwari. 31 Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana,
ugomutumidza zita rokuti Jesu. 32 Iye achava mukuru uye achanzi
Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa
chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, 33 uye achatonga
pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake
hahungatongogumi.”

34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo
ini ndiri mhandara?”

35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya
pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza.
Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari.
36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva
okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi
asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”

38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri
sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.



**Mateo 1:18-25** - *Kuberekwa kwaJesu Kristu*

18 Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake
vainge vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri
mhandara, akaonekwa ava napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene.

19 Asi nokuda kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga
zvokumuramba chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji.
20 Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi, mutumwa waIshe akauya
kwaari mukurota akasvikoti, “Josefa, mwana waDhavhidhi,
usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo
akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene. 21 Achava
nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye
achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.”

22 Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa
naIshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti: 23 “Mhandara ichava
napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza
zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’” 24 Josefa
paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa waIshe,
uye akatora Maria somukadzi wake, 25 asi haana kusangana naye
kusvikira azvara mwana mukomana. Akamutumidza zita rokuti Jesu.

*(Verengawo Muprofita Isaya 7:14 NaMuprofita Mika 5:12)*